



Pou Piblikasyon Imedya: 26/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YO TE BAY PRÈSKE 8.8 MILYON DOLA BAY
MINISIPALITE NAN REJYON LWÈS NEW YORK YO NAN 5YÈM FAZ NAN
INISYATIV RETABLI KOMINOTE NEW YORK YO**

***Gen sèt pwojè ki resevwa finansman pou retire delabreman epi revitalize katye
yo epi konsa jenere opòtinite ekonomik***

Yo fè kado prèske 81 milyon dola bay 71 pwojè nan tout eta

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke te yo te bay prèske 8.8 milyon dola bay sèt minisipalite Rejyon Lwès New York atravè 5yèm Faz nan Inisyativ Retabli Kominote New York yo (Restore New York Communities Initiative). Restore New York ap soutni jefò revitalizasyon minisipal yo gras a finansman pou pwojè ki pral remonte anbalavil yo epi jenere nouvo opòtinite ekonomik nan kominote yo soti depi nan Rejyon Lwès New York pou rive nan Long Island. Yo te fè kado prèske 81 milyon dola bay 71 minisipalite nan tout eta a.

“Kominote anbalavil yo esansyèl pou ekonomi nou yo kontinye ap pwospere epi pou atire biznis ak fanmi pou yo vin plante rasin yo nan New York”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Inisyativ Retabli Kominote New York yo rekonèt kominote ki plen potansyèl yo epi li envesti nan transfòmasyon yo ak nan avni yo, pou fè yo vin katye Nouyòkè yo fyè rele lakay.”

“Lè m ap vwayaje nan Eta a, mwen wè anpil bilding nan kominote yo ki gen gran posibilite pou yo retabli avèk cham to te abitye genyen an”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Avèk finansman Restore New York sa a, nou pran angajman garanti lokalite nou yo gen resous yo bezwen yo pou pouswiv nouvo pwojè konstriksyon epi transfòme pwopriyete ki abandone yo. Inisyativ Restore New York la kontinye ap travay avèk lidè ak pati enterese lokal yo pou libere tout potansyèl opòtinite devlopman ekonomik yo toupatou nan Eta a.”

5yèm Tou Inisyativ Retabli Kominote New York yo te pwomilge nan Bidjè Eta Ane Fiskal 2017 la, epi yo te deziyen Empire State Development pou mete pwogram nan sou pye. Vil yo, komin yo ak vilaj yo tout te kalifye pou aplike pou sipò pou pwojè yo ki enkli demolisyon, dekonstwiksyon, reyamenajman, oswa rekonstwiksyon pwopriyete ki an sipli, ki vakan, ki abandone epi ki kondane yo. Yo te mete aksan sou pwojè ki nan kominote ki an difikilte ekonomik epi ankouraje pwojè sa yo.

Prezidan, PDG ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare, “Restore New York mete tèt ansanm avèk minisipalite yo pou soutni pwojè ki kapab transfòme katye ak anbalavil toupatou nan eta a. Gras a soutyen nou, vil yo ap kraze bilding delabre vid yo epi reyabilite estrikti demode yo pou ede revitalize kominote yo epi jenere nouvo opòtinite ekonomik”.

Pwojè Rejyon Lwès New York

- **Vil Buffalo** - 3,998,549 dola - Pwojè a pral sipòte efò revitalizasyon yo nan Northland Corridor apati demolisyon yon batiman ki abandone ki nan 777 Northland Avenue, menm jan ak restore epi reyamanje 537 East Delavan Avenue. Demolisyon an pral abouti a espas devlopman ki pare pou rabouraj pou atire nouvo envestisman nan zòn nan, epi restorasyon an pral kreye yon espas pou nouvo biznis.
- **Vil Niagara Falls** - 2,000,000 dola - Yo pral demoli epi rekonstwi sis batiman kòm yon batiman a izaj mik, ki loje 36 apatman rezidansyèl ak yon debouche komèsyal nan etaj chose a ki nan Third Street Entertainment ak Distrik Kiltirèl vil lan.
- **Vil Dunkirk** - 1,000,000 dola - Reyamenajman yon batiman ki vid ki gen kat etaj ki nan 23-25 Lake Shore Drive ki nan distrik devan pò anba lavil vil lan, pou vin tounen yon etablisman a izaj mik ki gen espas lavant an detay ak/oswa restoran ak lojman apatman ki nan pri nivo mache a.
- **Vil Jamestown** - 1,000,000 dola - Jamestown Vikings Lodge ki nan 318 Washington Street lan li te vid pandan dis dènye ane yo. Pwojè a pral reyamenaje batiman ki gen twa etaj lan pou vin tounen yon etablisman komèsyal a izaj mik.
- **Vil Lockport** - 500,000 dola - Reyamenajman 13 ak 17 West Main Street pou vin tounen etablisman a izaj mik ki vyab ki nan pòt prensipal nan anba lavil Lockport, nan yon distans ke moun ka mache nan Kanal Erie ak Flight of Five Locks istorik Lockport lan.
- **Vil North Tonawanda** - 161,167 dola - Demolisyon ansyen batiman pou fòmasyon ponpye ki nan Bridge Street lan pou prepare pwopriete a pou devlopman a izaj mik nan fiti, ki kapab sèvi kòm yon katalizè potansyèl pou avni Tonawanda Island.
- **Vilaj Blasdell** - 100,000 dola - Yo pral reyamenje epi modènize de batiman ki vid depi lontan nan South Park Avenue pou kapab atire lokatè rezidansyèl ak komèsyal yo.

Ou ka jwenn yon lis konplè pwojè [isit la](#).

Senatè Tim Kennedy te deklare, “Ak finansman sa, Bò Lès Buffalo an ap yon lòt fwa ankò wè yon envestisman konsiderab ke Eta New York te fè - yonn ki pral favorize kwasans ekonomik epi ede transfòme vwazinaj vil yo. Mèsi a Gouvènè Cuomo poutèt yo kontinye konsantre efò eta yo nan alimante revitalizasyon Buffalo, epi kreye yon kominote ki ap pwospere pou jenerasyon fiti yo rele lakay yo”.

Senatè Catharine Young te deklare, “Dèyè fasad demode ak vitrin magazen ki vid nan pakèt batiman anba lavil yo se bijou achitektirèl ak istorik ki gen potansyèl pou

revitalize vwazinaj vil yo epi bay bourad a plis investisman ak kwasans. Objektif sa te vanse jodi a ak anons aktyèl ke gen 8.8 milyon dola nan finansman Restore NY yo ki sou wout pou ale nan Rejyon Lwès New York pou sipòte sèt pwojè, ki enkli de pwojè nan distrik mwen an ke mwen fyè pou mwen sipòte. Pwopriyete Vikings Temple Lodge ki nan Jamestown ak yon pwopriyete Lake Shore Drive ki nan Dunkirk yo chak pral resevwa 1 milyon dola nan lajan retablisman yo, investisman ki pare pou konpleman redevlopman majè ki ap kontinye nan zòn sa yo, epi pote nouvo lavi nan pwopriyete presye sa yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt sipò li epi mwen espere wè yon avni briyan pou kominote sa yo”.

Manm asanble Sean Ryan te deklare, “Rejyon Lwès New York t’ap batay kont estrikti ki vid, ki wouye yo ki toupatou nan rejyon nou an. Finansman sa pral pèmèt nou pran pwopriyete ki pa itilize anpil yo epi transfòme yo an atou pou kominote ki alantou yo. Renesans ke Rejyon Lwès New York te wè sou plis pase kèk ane li te etonan, epi finansman sa pral ede nou kontinye devlope. Mwen ap remèsye Gouvènè an poutèt li ap dirije pwojè sa, epi poutèt li sipòte devlopman pèmanan Rejyon Lwès New York”.

Crystal D. Peoples-Stokes, ki se Manm Asanble, te deklare, “Fon Restore NY yo te yon zouti ki enpòtan anpil epi ki reyisi ke yo te itilize nan renesans Buffalo; kit se pou demolisyon estrikti ki dilapide ki danjere yo pou kreye espas ki pare pou rabouraj, oswa reyamenaje batiman ki vid yo atravè pwosesis restorasyon an. Vil ak rejyon nou yo pa ta pral kote yo ye jodi a san Pwogram Restore NY lan”.

###

W’ap jwenn lòt nouvo ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)